



NAETISL

National Association of
Educational Translators and
Interpreters of Spoken Languages



MODDC

Missouri
Developmental
Disabilities Council

Konprann Responsabilite Sekirite Lekòl la: Yon Gid pou Paran

Funding for the Supporting Language Access in Schools Project in Missouri provided by the Missouri Developmental Disabilities Council, was supported by the Administration for Community Living (ACL), U.S. Department of Health and Human Services (HHS) as part of a financial assistance award totaling \$1,361,246 with 100 percent funding by ACL/HHS. The contents are those of the author(s) and do not necessarily represent the official views of, nor an endorsement, by ACL/HHS, or the U.S. Government.



naetisl@gmail.com

NAETISL



Follow us



MODDC



moddc@moddcouncil.org



www.naetisl.org

www.moddcouncil.org





Konprann Responsabilite Sekirite Lekòl la: Yon Gid pou Paran

Ki obligasyon legal ak etik lekòl yo genyen konsènan sekirite elèv yo?

Lekòl yo dwe pwoteje elèv yo kont domaj fizik ak sikolojik.

Responsabilite sa yo baze sou lwa federal ak lwa eta yo, ansanm ak pi bon pratik nan edikasyon ak byennèt elèv yo.

Kisa lekòl yo dwe fè pou asire sekirite fizik?

- Bay yon anviwònman ki an sekirite. Lekòl yo dwe asire bilding yo, salklas yo, teren jwèt yo, ak transpò yo:
 - Sekirize epi gen bon antretyen
 - San okenn danje (pa egzans, dife, danje elektrik, oswa danje nan estrikti)
 - Konfòm ak kòd sekirite ak pwosedi ijans yo
- Pwoteje elèv yo kont domaj fizik. Anplwaye yo dwe:
 - Sipèvize elèv yo kòrèkteman
 - Entèveni lè gen batay oswa konpòtman ki danjere
 - Reponn ak menas yo (egzans, zam oswa objè danjere yo)
 - Swiv pwotokòl pou blesi, maladi, ak ijans
- Prepare pou ijans. Lekòl yo dwe:
 - Gen plan sekirite pou dife, ijans meteyolojik, fèmti, ak menas aktif
 - Fè egzèsis regilyèman ak fòmasyon pou anplwaye yo
 - Kominike pwosedi ijans yo bay fanmi yo





Kisa lekòl yo dwe fè pou asire sekirite sikolojik ak emosyonèl?

- Anpeche entimidasyon ak asèlman. Dapre lwa federal (ki gen ladan Title IX and Section 504), lekòl yo dwe:
 - Envestige epi rezoud pwoblèm brimad, ki gen ladan brimad sou entènèt
 - Pwoteje elèv yo kont asèlman ki baze sou ras, sèks, andikap, oswa lòt faktè
 - Aplike règleman kont brimad yo epi bay viktim yo sipò
- Bay sipò pou sante mantal. Anpil lekòl dwe:
 - Anboche oswa gen aksè ak konseye, sikològ, oswa travayè sosyal
 - Bay rekòmandasyon pou sante mantal ak entèkansyon nan moman kriz
 - Ofri akomodasyon pou elèv ki gen andikap emosyonèl oswa konpòtmantal
- Ankouraje yon klima pozitif nan lekòl la. Yo ankouraje lekòl yo pou yo:
 - Ankouraje respè, enklizyon, ak repons ki adapte ak kilti yo
 - Itilize entèkansyon ak sipò pou konpòtmant pozitif (PBIS)
 - Aplike pwogram aprantisaj sosyo-emosyonèl (SEL)

Èske elèv ki gen andikap bezwen mezi sekirite siplemantè?

Kèk elèv ka bezwen sipò sekirite anplis l akòz pwoblèm mobilite, pwoblèm entèlektyèl, oswa lòt pwoblèm. Yo ta dwe diskite sou mezi sa yo epi dokimante yo nan IEP a. Pa egzanp, yon elèv ka bezwen sipèvizyon adilt deyò salklas la, oswa enstriksyon siplemantè sou kijan pou li rete an sekirite nan kominote a.





Kisa paran yo ka atann oswa mande?

- Règleman klè kont entimidasyon ak disiplin
- Repons rapid pou enkyetid oswa menas sekirite
- Patisipasyon nan planifikasyon konpòtmanal oswa sekirite pou pitit yo
- Kominikasyon ouvè pandan ak apre ensidan yo
- Akomodasyon pou timoun ki gen twoma, anksyete, oswa bezwen konpòtmantal

Kisa paran yo dwe sonje si yo gen enkyetid sou sekirite?

Paran yo gen dwa pou yo:

- Mande yon reyinyon ak administratè lekòl la
- Depoze yon plent nan distri a oswa ajans edikasyon eta a
- Chèche defans oswa sipò legal si sa a nesesè

Kisa ki baz legal sekirite lekòl yo?

- Title IX (1972): Pwoteje kont asèlman oswa diskriminasyon ki baze sou sèks nan lekòl yo
- Seksyon 504 & Lwa sou Ameriken ki gen Andikap: Pwoteje elèv ki gen andikap kont diskriminasyon epi asire akomodasyon rezonab
- Lwa sou Edikasyon pou Moun ki gen Andikap (IDEA): Egzije lekòl yo abòde konpòtman ki anpeche aprantisaj pou elèv ki gen andikap
- Lwa eta sou abi timoun: Egzije pèsonèl lekòl yo pou yo rapòte abi oswa neglijan yo sispèk
- Jirispridans: Tribinal yo ka rann lekòl yo responsab si yo yo rete endiferan ekspres devans menas sekirite yo konnen





Kijan paran yo ka jwenn èd nan lang yo?

Mande sèvis entèprèt nan lekòl pitit ou a oswa nan biwo distri a.

Mande enfòmasyon alekri ki tradui si w bezwen. Enfòmasyon yo bay tout paran nan distri a ta dwe disponib pou ou tou.

